Aprantisaj Bonè

Vizit 24 Mwa

HealthySteps®
SWEN PEDYATRI • SIPÒ • GID POU PARAN
Yon pwogram ZERO TO THREE

Langaj

Timoun ki gen de (2) lane yo renmen jwèt imajinè. Yap vin deplizanpli pi byen ak pi bon nan fè sanblan. Bay pitit ou a anpil tan pou l jwe ak poupe, bèt boure, machin oubyen kamyon. Tout jwèt yo apwopriye pou timoun piti, kèlkeswa sèks yo. (Men, fè atansyon pou ti pati ki gen kwen byen file.) Obsève sa yo fè epi swiv direksyon yo. Si yap bay yon poupe yon bibwon, di, "Tibebe w la renmen li lè w ba li manje." Si li di "Vwooum, vwooum" pandan lap jwe ak machin, di "Vwooum, vwooum," tou. Apre sa, ajoute eleman nan istwa a. Di, "Map kondwi pou al nan magazen an pou achte lèt," oubyen mande, "Kote w prale?"

Syans ak Matematik

Timoun piti yo se ti syantifik. Yo toujou remake bagay yo. Obsèvasyon se kòmansman yon konpetans syantifik enpòtan. Ede pitit ou a rete atantif ak sans li yo. Montre li aparans, sansasyon, gou, sant ak son bagay yo. Lè wap mache ak pitit ou a, pale sou sa w wè. Di, "Gade, gen yon tilip kap grandi." Pandan repa yo, poze kesyon sou aparans ak gou manje a.

Jesyon Santiman yo

Ou bezwen èd lakay ou? Panse a pitit ou ki gen dezan an. Yo renmen ede. Lè w bezwen yon mouchwa oubyen yon zòrye, mande pitit ou a pou l ale pran li. Ba li ti travay, tankou mete kouvè yo oubyen siye tab la. Asire w ou demontre li bon lizay lè w itilize mo "tanpri" epi "mèsi." Lè w kite pitit ou a ede w, ou devlope estim li ak konfyans li nan tèt li.

Copyright © 2019 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE. HS_10-EL_HAT_24 Months

Rezoud Pwoblèm

Èske w te janm resevwa yon pake kado epi ou te oblije devine sa ki te ladan l? Jwe jwèt sa ak tibebe w la: Mete objè abityèl yo nan yon vye sak zòrye pandan yo pap gade. Itilize yon objè pitit ou a jwe ak li souvan, tankou yon boul oubyen yon machin jwèt. Fèmen sak zòrye a epi gade si li ka devine sa ki ladann. Kite li manyen sak zòrye a, souke l, men pa kite l gade andedan li. Jwèt sa devlope kapasite enpòtan pou panse ak prediksyon.

Kapasite Fizik

Timoun piti yo renmen sote, epi nan laj de lane yo, yo aprann sote lè yo itilize tou de pye yo ansanm. Desine gwo sèk ki gen tout koulè sou twotwa a ak lakrè. Mande pitit ou a pou l sote nan sèk *vèt* la, apresa nan sèk *wouj* la. Sote ak yo epi di: "Mwen ap sote nan sèk *ble* a kounye a."

Atizay ak Mizik

Lè li fè cho, plen yon bokit dlo, pran kèk ansyen penso epi ale deyò. Timoun piti yo renmen pentire liy oubyen lòt desen sou twotwa, mi ak kloti yo. Dekri mak pitit ou a fè yo: "Gade, se yon liy *epè*. Èske w ka fè yon *gwo* sèk?" Penso ak dlo amizan epi pa gen netwayaj pou fè.

Bon liv pou li lè yo nan laj sa a:

- *Freight Train* Donald Crews ekri
- *Gossie & Gertie* Olivier Dunrea ekri
- *You Can Do It Too!* Karen Baicker ekri
- *The Napping House* Audrey Wood ekri

Copyright © 2019 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE. HS_10-EL_HAT_24 Months